

Siy ki sanble avèk siy la grip se:

- ✓ Fièv (ki ka cho anpil)
- ✓ Mal tèt
- ✓ Kò Kraze
- ✓ Tous sèch
- ✓ Nen koule oubyen nen bouche
- ✓ Kò fè mal
- ✓ Gòj fè mal
- ✓ Vomisman
- ✓ Pafwa dyare



Si ou genyen siy sa yo
oubyen ou panse
ou genyen grip(Flu)
Rele doktè'w epi mande'l
si ou bezwen ale wè li

Pou plis enfòmasyon, visite:

Depatman la Sante nan Broward
www.browardchd.org
954-467-4705

Depatman la Sante nan Florid
www.myflusafety.com
1-877-352-3581

Sant pou Kontrol Maladi ak
Prevansyon(CDC)
www.cdc.gov/H1N1flu
1-800-CDC-INFO

Depatman la Sante ak
Sèvis pou Moun
www.flu.gov

Oubyen rele
Depatman la Sante Rezo Enfòmasyon
1-877-FLA-FLU1
1-877-352-3551

Oubyen
800-CDC-INFO



Broward County Health Department
Office of Health Promotion and Social Marketing

3 ETAP pou KONBAT MALADI la GRIP

Etap sa yo ap
pwotege'w kont
Grip ki koze pa
H1N1 Viris la
(Swine Flu)




Pran mezi sa yo an 3 etap pou protege tèt nou kont maladi grip (Flu)

1


Pran mezi sa yo chak jou pou ampeche la grip (Flu)

Rete lakay siw malad epi kite ti moun ki malad yo lakay.


Siw malad e ou genyen siy la grip, Sant pou Kontròl Maladi ak Prevansyon (CDC) rekòmande pou ou rete lakay pou pi piti 24 è apre la fièv la pase sof si ou dwe al kay doktè (pa janm ale san'w pa pran medikaman pou la fièv). Rete lwen lòt moun le plis posib. Se pou lòt moun ka pa trape maladi-a.



Kouvri nen'w ak bouch ou avèk papye lè wap touse ou byen estènen. Jete papye-a nan fatra apre ou fin sèvi avèl.




Lave men'w souvan avèk savon ak dlo, sitou apre ou fin touse epi estènen. Likid ki fèt avèk alkòl yo bon tou pou netwaye men.



Evite touche je, nen ak bouch. Nou ka trape mikròb konsa.

Pa rete pre moun ki malad.




2

Pran tan pou nou vaksinen

Vaksen yo bay pou grip sezon pwotege nou kont 3 viris ki responsab maladi grip la pi souvan.

Vaksen an enpòtan espesyalman pou moun ki gen anpil risk pou maladi grip la vin'n konplike grav tankou:

- Ti mou piti
 - Fanm ansent
 - Moun ki gen maladi ki pa ka trete tankou maladi opresyon (asthma), maladi sik (dyabèt), maladi kè ou byen poumon epi tou moun
 - Ki gen 65 lane ou plis
- 

Vaksen yo bay pou grip sezon an enpòtan tou pou moun kap travay nan domèn la sante, moun kap viv avèk moun ki gen risk oubyen kap bay swen ak moun ki gen risk pou anpeche yo trape maladi grip la.

Vaksen grip sezon pap pwotege ou kont H1N1 viris la (Swine Flu).

Vaksen pou H1N1 Swine Flu sezon nan rout e pral disponib pou ede nou anpeche enfeksyon ak Swine Flu.

Moun ki pi riske pran enfeksyon H1N1 swine Flu se: Ti moun, fann ansent, jen'n moun (moun ki gen 6 mwa jiska 24 lane) e moun ki gen maladi ki pa ka trete tankou: maladi opresyon (asthma), maladi sik (dyabèt), maladi kè epi maladi poumon.


3

Pran medikaman pou viris la si doktè'w preskri'w.

Si ou genyen H1N1 Swine Flu., medikaman kont viris la ka trete'l.

Medikaman kont viris yo se preskripsyon doktè (gren'n, siwo, oubyen poud pou rale nan nen) ki kapab fèw lite kont maladi grip la paske li anpeche viris yo multipliyè nan kò nou.

Medikaman sa yo ka kraze fòs maladi a epi fe'w santiw pi byen pi vit. Yo kapab anpeche anpil konplikasyon.



Yo pa van'n medikaman pou viris sa yo san preskripsyon, yo se yon lòt fòm antibyotik.

Medikaman sa yo ka enpòtan espesyalman pou moun ki malad anpil (nan lopital) oubyen pou moun ki malad deja oubyen ki gen risk devlope konplikasyon, tankou fanm ansent, ti moun epi moun ki gen maladi ki pa ka trete.

Siw bezwen tretman, li pi bon pou kòmanse pran medikaman pou viris la pandan 2 premye jou ou santi siy maladi-a.